

**Asistans pou gad ak siveyans timoun pou Anplwaye Sekouris, Pèsonnèl  
Medikal ak Anplwaye esansyèl pou semenn 16 Mas – 20 Mas, 2020**

Pou diminye enpak fèmti lekòl ka gen sou kominote a, Lekòl Piblik, Broward County Public Schools (BCPS) ap ofri gade timoun (child care) gratis, pou tout BCPS anplwaye esansyèl ak fanmi anplwaye BCPS ki sekouris epi manm pèsonnèl sèvis medikal. Nou va mande verifikasyon yon BCPS nimewo elèv (student number) badj idantifikasyon elèv-la (student ID badge). Gad ak siveyans timoun va disponnib apati 7 a.m. – 6 p.m. (setè maten rive sizè aswè) apati 16 Mas rive 20 Mas, pou timoun preskolè rive uityèm ane (grade), nan lekòl primè-sa-yo:

- 1. Lakeside Elementary School**  
900 NW 136 Avenue  
Pembroke Pines, FL 33028
- 2. Hollywood Hills Elementary School**  
3501 Taft Street  
Hollywood, FL 33021
- 3. Orange Brook Elementary School**  
715 South 46 Avenue  
Hollywood, FL 33021
- 4. Country Isles Elementary School**  
2300 Country Isles Road  
Weston, FL 33326
- 5. Fox Trail Elementary School**  
1250 Nob Hill Road  
Davie, FL 33324
- 6. Stephen Foster Elementary School**  
3471 SW 22 Street  
Fort Lauderdale, FL 33312
- 7. Discovery Elementary School**  
8800 NW 54 Court  
Sunrise, FL 33351
- 8. Eagle Ridge Elementary School**  
11500 Westview Drive  
Coral Springs, FL 33076
- 9. Norcrest Elementary School**  
3951 NE 16 Avenue  
Pompano Beach, FL 33064

## Kesyon Moun Poze Souvan

### 1. Konbyen sa ap koute?

- Tout sèvis gratis pou tout anplwaye seksyon medikal ak anplwaye sekouris ki entèvni nan ka ijans epi estaf BCPS.

### 2. Kilès k'ap travay nan pwogram-la?

- Se Anplwaye aktyèl k'ap travay nan pwogram siveyans timoun anvan ak apre lekòl, ki gen otorizasyon deja epi trening, se anplwaye sa-yo ki va founi sèvis-la nan chak lekòl.

### 3. E sekirite?

- Lekòl Piblik Broward County, an kolaborasyon ak patnè lameri, va bay sekirite nan chak lekòl.

### 4. E dejene ak lench?

- Tanpri planifye pote manje maten, lench (manje midi) ak yon goute (snak) pou Lendi, 16 Mas. Sèvis Manje ak Nitrisyon Distri a ap planifye pou bay timoun-yo dejene ak lench pandan rès semenn-la. N ap enfòmè paran ki gen timoun nan pwogram siveyans timoun (child care program) de tout mizajou enfòmasyon osijè sèvis manje.

### 5. Kijan pwofesyonèl sèvis ijans ak pwofesyonèl medikal va anrejistre pitit-yo nan pwogram-la?

- Enskripsyon va fèt sou Entènèt kounyea e ou ka jwenn aksè sou sit la lè ou itilize yon konpitè (telefòn pòtab pa sipòte). Konekte epi louvri lyen sa: [pdms1.browardschools.com/fmi/webd/covid-19](https://pdms1.browardschools.com/fmi/webd/covid-19). Rele nimewo 754-321-3314 apati setè maten rive setè diswa si ou bezwen asistans teknik.
- Si yon paran pa enskri pitit-li sou sit Entènèt la, paran an ka anrejistre pitit-li nan lekòl li chwazi a, nan maten Lendi, 16 Mas.
- Yo va mande paran papye verifikasyon lè paran an nan lekòl-la Lendi maten.
- Yo va mande paran verifye pitit-li se yon elèv ki enskri nan BCPS oswa elèv-la frekante yon lekòl charter sou sipèvizyon BCPS. Kòm verifikasyon prezante nimewo elèv BCPS ak/oswa badj idantifikasyon elèv (student ID badge).
- Si yon elèv gen pwoblèm sante konni, paran dwe pare bay enfòmasyon ki nesesè konsa estaf pwogram-la ka ofri elèv-la sipò ki apwopriye.

### 6. Èske lekòl-yo va gen ase founiti ak materyèl?

- Wi, chak lekòl konn bay sèvis gad ak siveyans timoun apre lekòl epi deja gen tout kalite founiti ak materyèl ki estoke, epi gen estaf sipò k ap travay nan pwogram-la. Distri-a va kontinye bay asitans ki nesesè.

## 7. Èske va gen yon enfimiyè nan chak lekòl?

- Yon enfimiyè ka prezan nan lekòl-la baze sou bezwen medikal elèv ki enskri.

## 8. Nan ki dat ak akilè pwogram-la fonksyone?

- Pwogram gad ak siveyans timoun (child care program) fonksyone apati 7 a.m. – 6 p.m. (setè dimaten rive sizè aswè) Lendi, 16 Mas – Vandredi, 20 Mas. Pwogram-la gratis pou elèv ki elijib.
- Paran dwe vin chache pitit-li alè oswa paran va peye yon frè si yo vin chache pitit-la anreta.
- Pwogram-la pap fonksyone diran vakans prentan, ki se 23 – 27 Mas, dat sa-yo te konsidere kòm peryòd konje nan kalandriye Distri a.
- Nou va detèmine plis opòtinite amezi sitiyasyon anrapò ak COVID-19 ap evolye rapid.

**Pou plis enfòmasyon ak mizajou, vizite sit [browardschools.com/coronavirus](https://www.browardschools.com/coronavirus).**

**Tanpri pran nèt chanjman nan enfòmasyon fèt toutan epi mizajou enfòmasyon va fèt ositoke posib.**

---

**The School Board of Broward County, Florida** Lori Alhadeff • Robin Bartleman • Heather P. Brinkworth • Patricia Good • Donna P. Korn Laurie Rich Levinson • Ann Murray • Dr. Rosalind Osgood • Nora Rupert • Robert W. Runcie, Superintendent of Schools

The School Board of Broward County, Florida, entèdi tout regleman oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon sou baz laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, eta sivil, nasyonnalite, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. School Boy bay Boy Scouts ak lòt gwoup jenn ki deziye, aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman ka kontakte Direkte,depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & Kodonatè Ekite Distri a/Kodonatè Title IX nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Dapre amannmann Iwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008 (ADAAA), moun ki bezwen akomodasyon ka kontakte depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. [browardschools.com](https://www.browardschools.com)